

Fèy Edikasyon Pasyan Ak Fanmi Epistaksi (Senyen nan Nen)

Kisa Epistaksi a ye? Nen an kouvri ak anpil veso sangen ki toupre sifas la, sa ki fè yo ka fasil blese epi senyen. Lè lè ap pase nan nen an, sa ka fè paw a (manbràn lan) vin sèch epi irite. Zòn sa yo ka senyen lè yo irite akòz fwotman, lè w fouye anndan nen an oswa mouche nen an twòp. San soti nan veso sangen ki kase yo, li koule nan kavite nen an epi li sòti nan twou nen yo oswa pafwa li desann nan gòj la. Lè yon moun gen nen l k ap senyen, sa ka fè l pè anpil, men anjeneral li pa yon pwoblèm ki grav. Senyen nan nen an se yon bagay ki rive timoun yo souvan, epi sa rive plis nan klima ki sèk.

Kisa ki ogmante risk pou gen senyen nan nen an?

- Lè ki sèk
- Chanjman nan tanperati/oswa imidite
- Chòk oswa blesi nan nen
- Alèji sezonye oswa rim
- Objè anndan nen an / Fouye anndan nen an
- Mouche nen an twò fò
- Kantite plakèt ki fèb oswa pwoblèm senyen
- Ekspoze a lafimen sigarèt
- Veso sangen ki pa nòmal nan nen an

Kòman mwen kapab anpeche senyen nan nen?

- Itilize yon espre nen salin (sèl) pandan 2 a 3 fwa pa jou nan chak twou nen w, pou idrate nen an, espre sa a disponib san preskripsyon.
- Jèl salin pou nen, Vaseline (vazlin) oswa pomad antibyotik (yon ti kantite ki gwose yon pwa), aplike l anndan chak twou nen jiska 4 fwa pa jou.
- Itilize yon imidifikatè ak vapè fre nan chanm ou etan lannuit, pou kenbe anndan nen an imid. Chanje dlo ki nan imidifikatè a chak jou.
- Mouche nen w tou dousman lè sa nesesè.
- Evite fouye oswa grate anndan nen an.
- Bwè plis likid.
- Pa fimen epi evite respire lafimen lòt moun fin lage.

Kijan mwen ka kontwòle pwoblèm senyen nan nen an?

- Rete Trankil.
- Chita dwat epi panche yon ti jan devan pou fè presyon sou nen an.
- Pa kouche.
- Respire nan bouch ou.
- Asire w peze pati mou ki nan nen an. Lè w peze sou pati zo nen an oswa anlè li, sa p ap mete okenn presyon nan bon kote pou kanpe senyman an (Gade Figi 1).
- Kontinye peze pati anba nen an byen fò pandan 10 a 15 minit (gade Figi 2) Siveye lè a epi pa lage presyon an toutotan 10 minit pa rive. Siye san an ak yon tisi etan anba nen an.
- Si senyen an kontinye, tranpe yon ti boul koton nan yon espre pou debouché nen (tankou Afrin) epi mete l nan twou nen k ap senyen an tou dousman. Kontinye peze nen an byen fò pandan 5 minit antye; siveye lè a.
- Si etap sa yo pa mache, epi si li senyen anpil, ale nan Sal Ijans ki pi pre a.
- Gade seksyon “Lòt bagay mwen ka fè pou trete oswa anpeche senyen nan nen an” si presyon ak glas pa t konplètman kanpe senyen an.



Figi 1



Figi 2



Fèy Edikasyon pou Pasyan ak Fanmi - Epistaksi (Senyen nan Nen)

Ki lòt bagay mwen ka fè pou trete oswa anpeche senyen nan nen an?

Tretman sou Po (Topik) – Anvan ou itilize pwodui ki anba yo, mouche nen ou dousman pou w ka netwaye nen an, kidonk retire tout glòb san ki lach/oswa ki pa efikas. Debri sa yo ka ajè tankou yon bagay ki anpeche yon pòt fèmèn. Veso sangèn yo gen fib elastik ki bezwen fèmèn alantou kote ki senyen an ye a. Apre ou fin itilize youn nan tretman sa yo, retounen itilize presyon ak glas jiskaske senyen an sispann.

- A. Afrin – [suiv enstriksyon ki sou anbalaj la] (ou dwe genyen 6 lane oswa plis pou w ka itilize l) bay 1 a 2 flit nan nen ki afekte a, ou pa dwe depase plis pase 2 fwa pa jou oswa plis pase 3 jou youn apre lòt.
- B. NasalCease – [suiv enstriksyon ki sou anbalaj la] Vire pwent lan epi mete l nan twou nen k ap senyen an. Retire li nan 30 minit. Peze l epi mete glas apre w fin itilize l.
- C. Helistat – [suiv enstriksyon ki sou anbalaj la] Koupe eponj lan epi sèvi avè l pou ranpli twou nen k ap senyen an. Sa ap absòbe san an epi ou pa dwe retire l apre ou fin mete l. Peze l epi mete glas apre w fin itilize l.
- D. Vyann Kochon Sale – ou dwe prepare li davans. Achete vyann kochon sale nan makèt. Li anba tankou bekonn. Koupe ti moso ki apeprè nan gwochè ti dwèt ou. Sèvi ak yon fil oswa fil dantè ak yon zegwi, pase yon fisèl nan yon bout epi fè yon bouk. Sa pèmèt ou retire li fasil nan nen an. Anba bouchon yo nan papye si epi mete yo nan frizè. Lè w ap senyen, retire li nan frizè, retire anbalaj la epi mete li nan nen w pandan li frèt, epi kite fil la pandye deyò nan twou nen an. Kite li nan plas sa a pou inèditan, pandan w ap aplike presyon sou bouchon an.



Tretman nan Bouch – Pou senyen nan nen ki parèt souvan yo, moun nan ka bezwen pran asid aminokapwoyik oswa asid traneksamik nan bouch, oswa lòt medikaman tankou gwo dòz DDAVP nan nen (Intranasally, IN). Ekip medikal ou a ap konseye w.

Senyen nan Nen ki Paret Souvan

- Pafwa, menm lè nou fè tout efò nou pou n evite tout faktè risk nou konnen yo epi itilize terapi yo dekri nan seksyon anvan yo, pwoblèm senyen nan nen yo kontinye rive.
- Senyen nan nen an ka nwi aktivite chak jou yon moun tankou lekòl, espò, travay, ak lòt aktivite ki planifye.
- Si senyen nan nen yo rive souvan, li enpòtan pou yon doktè Zòrèy Nen ak Gòj (Ear Nose and Throat, ENT) fè yon evalyasyon, (yo rele li tou Otorino-larengològ (Otorhinolaryngologist, ORL)), li ka vizyalize veso sangèn ki nan nen w yo epi petèt li ka fè yon ti pwosedi nan klinik a (yo rele l koterizasyon) pou anpeche veso sangèn yo senyen.
- Li enpòtan tou pou yon ematològ fè yon evalyasyon pou rive idantifye yon pwoblèm senyen ki posib.

Kilè pou m rele mande plis èd?

- Si senyen an pa ka kanpe
- Si m pèdi anpil san
- Si w ap plede genyen plizyè epizòd senyen nan nen ki dire lontan
- Si ou santi w vle endispoze, fèb, malad oswa gen difikilte pou respire (siy ki ka montre w pèdi anpil san)
- Si ou te blese tèt ou oswa figi w
- Yon objè rete kole nan nen ou

Sit Entènèt ki Itil ak Resous Edikatif yo

Boston Bleeding Disorders Center www.childrenshospital.org/programs/boston-bleeding-disorders-center
National Bleeding Disorders Foundation www.hemophilia.org
New England Hemophilia Association www.newenglandhemophilia.org
World Foundation of Hemophilia www.wfh.org
HemAware www.hemaware.org
LA Kelley Communications www.kelleycom.com



Pediatric Bleeding Disorders Program
300 Longwood Ave., Fegan 6, Boston, MA
Telefòn: 617-355-6101 | Faks: 617-730-0641